16.12.2020 09:12

НТК "Осетия-Ирыстон": иумæйаг рейд

Дзæуджыхъæуы газы хæдзарады бæрнон кусджытæ æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады минæвæрттæ сарæзтой иумæйаг рейд. Бирæуæладзыгон хæдзæртты сбæрæг кодтой газы гæрзты уавæр.

Æдæппæтæй службæйы кусджытæ федтой 40 фатеры. Специалисттæ æркастысты газы прибортæм, пецтæ хæтæлтæм куыд æфтыд сты, уымæ, стæй вентиляци цас хорз у, уыдæттæм. Цы хъæндзинæдтæ дзы рабæрæг, уыдон аиуварс кодтой. Рейды рæстæг газы 2 гарзы æдасдзинады домæнтæн дзуапп кæй нæ лæвæрдтой, уымæ гæсгæ сæ сæхгæдтой.

Газы компанийы специалисттæ ма цæрджытæн æмбарын кодтой, газы прибортæй раст пайда кæнын куыд хъæуы, уый. Байуæрстой сын тематикон сыфтæ. Ахæм рейдтæ дарддæр дæр цæудзысты.

Министерство Российской Федерации по делам гражданской обороны, чрезвычайным ситуациям и ликвидации последствий стихийных бедствий © 2021